

Èske w sispann pran medikaman TB ou a?



Li enpòtan pou konplete plan tretman founisè swen sante w la te kreye pou ou a.



Si w pa konplete plan tretman w lan kòmsadwa, ou ka:



Vin malad ankò



Fè lòt moun malad



Devlope rezistans pou medikaman



Ki ka fè tretman w pi long ak pi konplike

Kisa mwen bezwen fè?

Menm si ou pa enfekte ankò oswa si ou santi ou pi byen apre kèk semèn, sa pa vle di tout jèm TB yo disparèt. Trete TB pran plizyè mwa. Swiv etap sa yo pou w retire jèm TB nan kò w:

- ☐ Pale ak ekip swen w
- ☐ Kontinye pran medikaman w
- ☐ Konplete plan tretman w



www.maine.gov/dhhs/tb
www.cdc.gov/tb
Ou ka rele Maine CDC tou nan 1-800-821-5821.